ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№225 (22.883) • 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Ефэнды Дж. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыныкІэ фІыщІэ хэха зэрыбгъэдэлъым папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Ефэнды Джылахъстэн Къасым и къуэм.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 13-м
№228-УГ

КІуэкІуэ Юрий УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Ливанов Дмитрий епсэлъащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий щэкІуэгъуэм и 13-м Москва щыхуэзащ Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Ливанов Дмитрий.

ЗЭІУЩІЭМ гулъытэ хэха щыхуащІащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкІуалІэ Іуэхущ1ап1эхэм зегъэубгъуным хуэгъэзауэ къэралым и Президентым къыдигэкІауэ щыта указхэр гъэзэщІа зэрыхъум.

А указхэм ябгъ иткІэ ди республикэм илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэс зи ныбжь сабийуэ исхэр зэкІуалІэ Іуэхущ1ап1эхэм 2014 гъэм кІуриубыдэу къыхагъэхъуэнущ щІыхь 3175-рэ зыщІэхуэн садхэр. 2016 гъэм ирихьэлІэу а Іуэхущ1ап1эхэр ди деж зэпэубыдауэ щыщытыжыныкъым.

Апхуэдэу тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм профессионально курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и Іуэхущ1ап1эхэм зегъэужьыным, абыхэм я зэфІэкІым хэгъэхъуэным, кадет школхэм зегъэубгъуным екъэлІа Іуэхуэхэм.

КІуэкІуэ Ю. А. хэхауэ къигъэлъэгъуащ зи Іэпкльэпкым сэкъат иІэ сабийхэр тэмэму щеджэн папщІэ зыхуей Іэмалхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт школу 37-м къыдэрыщІэзэрагъэпэщыр.

ЗэІуущІэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыныр пыщІа нэгъуэщІ Іуэхуэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1эмрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэр Хьэуа транспортымкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІым ІущІащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Москва къалэм щыхуэзащ Хьэуа транспортымкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Нерадько Александр.

А зэІущІэм щыпащащ «Урысейм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьыныр (2010 - 2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсау аэропорт комплекс щыухуэным хэгъэзауэ Росавиацэмрэ ди республикэм и унафэщІхэмрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Комплексыщ1эм авиацэм и Іуэхутхьэбзэхэр иригъэфІэкІуэнущ, хьэуа транспортыр шынагъуэнщэу къагъэсэбэныныр къызэригъэпэщынущ, апхуэдэу щыщытхІэ, кхъухьлъатэкІэ кхъэзыкІухьхэм я бжыгъэми хэхъэнущ.

КІуэкІуэ Юрийрэ Нерадькэ Александррэ тепсэлъыхьащ а проектыр ахъшэкІэ къызэгъэпэщынымрэ лэжьыгъэхэр щызэфІагъэкІыну пІалъэхэмрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1эмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Студентхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу республикэм и студентхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу пІэлІэхэ!

Студентхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу си гуапэу сыныбохъуэхъу.

Студентхэр зыхуэбгъэдэн щыныІэ зэгурыІуэгъэ тхыдэм къыщокІуэкІ я зэхэтыкІэкІи, жылагъуэ-политикэ гъащІэм хэлэжьыхьыныкІи езыхэм я хабзэхэр яІэжу. Дуней псор глобализацэм щыхуэкІуэ, Урысейм и Цыхубэми щІэуэ жьаным мытыншхэр къащыбгъэдэхуэ мы лъэхъэнэм студент щІалэгъуалэм гъащІэм щалэ мыхьэнэм нэрылъагъуу хохъуэ. Абы къыхэкІыу къэралым и Іуэхур адэкІэ зэрыхъунур фэ фщыщ дэтхэнэми зэрелъытар кІывгурыІуэу икІи абы и къэкІуэнымкІэ жуэапІр зыхэфщІуэ фыщытыным икъукІэ куэд елъытащ.

Си фІэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум я фыгъуэр гъэбэгъуэным хуэгъэзауэ республикэм и студентхэм я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэтэмэмукъагъэсэбэпынэзрахуэзфІэкІынур. Сэри быдэу жызоІэ фи зэфІэкІым хэвгъэхъуэныкІэ, ар лэжьыгъэ Іэнатіэми жылагъуэ гъащІэми къыщыбгъэсэбэпынымкІэ зыхуэфащэ Іэмалхэр къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ тхуэзэфІэкІ псори зэрыдлэжьыр, дяпэкІи зэрыдлэжьынур.

Мы махуэшхуэм ирихьэлІэу, ныбжьэгъу лъапІэхэ, узынишагъэ быдзэрэ ефІэкІуэныгъэрэ фиІэну, еджэным, щІэныгъэ, творческэ лэжьыгъэ егъэкІуэкІынымрэ ехъулІэныгъэхэр къыщыфхьыну сынывохъуэхъу.

КІУЭКІУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ.

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

УсакІуэшхуэм теухуа пшыхь

Налшык дэт Музыкэ театрым щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, РСФСР-м, КъБР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КІыщокъуэ Алим ПщымахуэІ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ къызэрагъэпэща пшыхь.

ПШЫХЬЫР къызэІуихащ, абы къекІуэлІаХэм гуапэу захуигъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **КъумахуэМухьэдин.** ЗэІущІэм крихьэлІат къэралым и щІыпІэ куэдым къикІа хьэщІэхэр, республикэм и къэрал къулыкъущ1ап1эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, лЫгъэмрэ цІыхугъэмрэ зи гъуазэу щыта усакІуэм и гъащІэ гъуэгур тыншу щымытами, пщІэрэ щІыхьрэ къыхуащІу зэрыпсэуар, ар цІыхубэм зэращымыгъупщэнур. Пшыхьым щыжаІахэр къызэщІэпкъуэжмэ, КІыщокъуэ Алим зэрыцІыхушхуэр, зэманыр кІуэтэху, адыгэ лъэпкым нэхъри зыхэтщІэуэрэ кІуэнущ, тхакІуэ щэджащэм къытхуигъэна литературэ лэжьыгъэхэр нэхъ лъапІэж хъунущ, сыту жыпІэмэ, гупсысэ куурэ псалъэ пэжкІэ псыхьащи.

Зэхуэсыр ягъэдэхащ республикэм и артист, уэрэджы ІакІуэ, къэфакІуэ нэхъыфІхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Партым и Іуэхущ1ап1эхэм цІыхухэр щрагъэблагъэнущ

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 13 зэрырикъур щагъэлъапІэ махуэм - дыгъэгъазэм и 1-м - зи щхьэ ІуэхукІэ къекІуэлІэ цІыхухэм яІуущІэнущ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутату республикэм къыбгъэдэкІыу хахахэр, КъБР-м и Парламентым «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу щІыІэм хэтхэр. Апхуэдэу цІыхухэм щахуэзэзнущ партым и тхьэмадэ Медведев Дмитрий и жылагъуэ екІуэлІэнущ Налшык дэтым, щІыналъэхэм щыІэ апхуэдэ Іуэхущ1ап1эхэм.

Партым и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетым цІыхухэм къатхэзм елэжьыныкІи и убзыхуакІуэ Абазэ Хьэсэнбий зэрыжиІамкІэ, цІыхухэм зэрапІуэщІэну графикыр, дыгъэгъазэм и 1-м екІуэкІыну адрей Іуэхухэр зыхуэдэр газетхэм къытехуэнущ.

Партыр къыщызрагъэпэща махуэм щыхухэм папщІэ я бжэхэр зэІуахуэ щытынущ жылагъуэ екІуэлІ1ап1эу къэралым щыІэ мини 2,5-м щІигъуи, Медведев Дмитрий и щІыналъэ жылагъуэ Іуэхущ1ап1эу 85-м. Апхуэдэу зи щхьэ ІуэхукІэ къахуэкІуэхэм щахуэзэнущ цІыхухэр щрагъэблагъэ Іуэхущ1ап1эу муниципалитетхэм, жылагъуэхэм щыІэхэм.

Зыгъэпсэхуакіуэхэм япоплъэ

Іуащхьэмахуэ и курортхэр хуэхьэзырщ туристхэр зэрыригъэблагъэнум. КІапсэ Іуэхухэм я щытыкІэр къапщытэри, ахэр щІымахуэ лэжьыгъэм зэрыувэну хуит зэращымкІэ тхылъхэр иратыжащ. Абы илъ къихуэу Іэмэпсымэхэр зыхуей хуагъэзащ, лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэм хагъэхъуащ.

ШЫЩХЬЭУІУ мазэм щегъэжьауэ Іуэху куэд щызэфІагъэкІащ лыжкІэ къыщажьыкъ «Азау - Мир» гъуэгум. Техникэ лъэщыр къагъэсэбэпурэ ар ягъэкъэбзащ нэхъ бгъуэ ящІащ. Дэтхэнэ дунейпсо курортми хуэдэу, абы и бгъуагъыр иджы метр 80-м щегъэжьауэ метр 200-м нос.

ЩІымахуэр щыуэсыншэм деж къэжьыкъпІэхэм уэс Іэрыщ1ыр тезыкІутэну Іэмэпсымэхэри зэрылэжьэнум хуэкъэзырщ.

Гулъытэ хэха хуащІащ туристхэм папщІэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыным. Іуащхьэмахуэ и джабэм щылажьэ псори иджы связым и ІэмэпсымэхэмкІэ, апхуэдэу щІыналъэм щекІуэкІхэм зэпымыууэ кІэлъыплъ камерэхэмкІэ къызэгъэпэщащ. Камерэхэр иджыпсау технологиехэм кьеэзгъэуу ящІащи, лэжьэн папщІэ къагъэсэбэпыну энергиер дыгъэ бзийхэм кьыхах.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-секретарь.

■ Хъыбарыщ1эхэр ■ Махуэгъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Спорт ■ Малъхъэдис

● АПК

Гъавэр Іухыжын яух

Дыззрыт мазэр уэфІу зэрекІуэкІым и фІыгъэкІэ губгъуэ лэжьыгъэхэм дэнэ щІыпІи зыщаубгъуащ. Республикэм гъавэр Іухыжын щаух. КъыззрабжамкІэ, нартыхур гектар мини 110-м къыщрахащ, Абы и бзэгъыр ику иту центнер 60-м щІегъу.

ХАДЗЭХЭКІХЭМ я процент 95-рэ кхрахьэлІэжащ. Гектар мин 15,8-м ику иту центнер 200-м нэблагъэ къытрахащ.

КІэртІофыр зытелъа хьэсэхэм ящыщу нобэм ирихьэлІэу къатІыжыну къахуэнар процент 2 хуэдизщ. Абыи гектар къэс центнер 200 къыщрахащ, псори зэхэту тонн мин 245-рэ кхрахьэлІэжащ.

Мы гъэм сэхурарн бэв хъуащ, абы ику иту гектар къэс центнер 17 къытрахащ. Псори зэхэту кхрахьэлІэжащ сэхурар тонн мин 36-рэ хуэдизщ.

Гъавэ Іухыжыным къыдэкІуэу, щІыр ямэ, бжьыкьэсэ къэкІыгъэхэри тесэн яух.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Къалэм дэт унэхэр уэздыгъэхэмкІэ гъэдэхэным хуэунэтІа зэпеуэ

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм псэупІэ-коммуналькэ хозяйствэмрэ жылагъуэр зэпэщ щІыныкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм дэт унэхэр уэздыгъэхэмкІэ нэхъеІуэ зыгъэнэхуэрэ къыхэхыным теухуа конкурс.

ЗЭПЕУЭР зыхуэгъэпсар къалэм и теплъэр егъэфІэкІуэныгъэ, абы и лъэныкъуэкІэ уэздыгъэхэр къагъэсэбэпыным тещІыхьа технологие нэхъыбфІхэр щІэгъэкъуэн къащІыныр щ.

МЫ ЗЭПЕУЭМ хэтынухэм папщІэ саугъэту щы ягъуэращ. Ялэ увыпІэр къэзыхьым сом мин 500, етІуанэм папщІэ сом мин 300, ещанэм - сом мин 200 иратынущ, къалэ администрацэм и дипломыр щыІыгъу.

Конкурсым хэтыну гукъыдэж зиІэхэм заявкэхэр 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м нэсыху ягъэхьын хуейщ **мы адресымкІэ**: Налшык къалэ, Щоджэнцыкіыум и уэрам, 17, пэш №86. ФІыщІэупщІэ хъунущ 42-34-57 телефонымкІэ.

Троллейбусхэр кІапсэм пымыщІауэ зокІуэ

ТРОЛЛЕЙБУСЫЩІЭМ аккумулятор лъэщ итщи, кІапсэм пымыщІауэ километр 50-м нэс икІуфынущ. Абы и фІыщІэкІэ Іэмал щІыІэ хъуащ троллейбусхэм я гъуэгуанэм хагъэхъуэныкІэ, ахэр троллейбусхэр зыпыща кІапсэхэр щамыкъуэдия хьэблэхэм дыхьэу ящІыныкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм папщІэ апхуэдэ троллейбусхэр Саратов областым щыІэ «Троліза» заводым щащІ. Ахэр зыубгъуауэ къагъэсэбэпу щІадзэмэ, троллейбус инфраструктурэщІэ зэтегъэуэвэным, электричествэ зрикІуэ кІапсэхэр укъуэдиныным, электроподстанцэхэр ухуэным трагъэкІуадэм къыдагъэхуэфынущ.

КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1ап1эмрэ.

Іэщ1агъэхэм щыхурагъаджэ Іуэхущ1ап1эхэм я унафэщІхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, щыхуэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныр зэгъусэныгъэ дэІэпыкъуныгъэ етыныныкІэ и министерствэм щэкІуэгъуэм и 17-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 17-м нэсыху ирегъэкІуэкІ 2015 гъэм щІыхухэр Іэщ1агъэхэм хуегъэджэным, лэжьапІэнэщэу къэнахэм етІуанэ Іэщ1агъэ егъэгъуэтыным зыхуэгъэхьэзырным хуэгъэза Іуэхухэр.

Абы пыщІа псоми фыщыщІэупщІэ хъунущ Налшык къалэм КІыщокъуэм и уэрамым тет унэ №100-м. Ди телефоныр: 8(8662) 42-50-79. Сайтыр: www.mintrudakbr.ru

Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 15, щэбэт

♦Дзэм къулыкъу щиІэну ираджэм и махуэщ

♦Палестинэ къэралыгъуэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Бельгием и пащтыхь лІакъуэщІэм и махуэщ

♦1764 гъэм Урысейм Художествэхэмкіэ и академиер къызэрагъэпэщащ.

♦1889 гъэм Бразилиер федеративнэ республикэ хъуащ икІи Бразилием и Штат Зэгуэтхэр цІэр игъуэтащ. Апхуэдэу щытащ 1968 гъэ пщІондэ.

♦1954 гъэм СССР-м япэу макъ зыщІэт теленэтын щекІуэкІащ. Ар дакъикъэ 25-кІэ кьатащ.

♦1944 гъэм Тырку-месхетинхэр Куржым ирагъэІэпхъуэКІри Къэзахъстаным, Узбекистаным, Къыргызым ягъэкІуащ. ЦІыху мини 100-м щІигъурт ахэр.

♦ЩэкІуэгъуэм и 15 - 16-хэм Намибием президент, парламент хэхьныгъэхэр щекІуэкІащ. Ар дакъикъэ 25-кІэ кьатащ.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩІДААД-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэшыр Юрий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДААД-м и академик, УФ-м и Правительствэм и нэІэ щІэту лажьэ Москва Финансовэ университетым и ректор **Есчындар Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Ширдий Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ1у щыта, Къэрэшей-Шэрджэсым мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Чэм Мурадин** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **Мэкъуауэ ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦АР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Къудей ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

ЩэкІуэгъуэм и 16, тхьэмахуэ

♦Гъуэгум къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ

♦ЗышыІэныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Ракетэдзэхэмрэ артилериемрэ я махуэщ

♦1942 гъэм «За Советскую Кабардино-Балкарию!» листовкэр кьыдагъэкІыу щІадзащ.

♦1943 гъэм Яхэгуаэ Михаил Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр кьыфІащащ.

♦ Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Дыкъынэ Хьэсэнбий и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦ Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъварэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щІыхь зиІэ я артист **Батыр Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

ЩэкІуэгъуэм и 17, блыщхьэ

♦Студентхэм я дунейпсо махуэщ

♦Сабий мыльхуэсым и дунейпсо махуэщ

♦Участковэм и махуэщ

♦1869 гъэм Суэцкэ кІэнауэр (Мысыр) къызэІуахащ.

♦1920 гъэм Бгырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1933 гъэм СССР-мрэ США-мрэ дипломатие зэпыщІэныгъэ яІэ хъуащ.

♦1944 гъэм Албаниием и къалащхьэ Тиранэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1970 гъэм «Луна-17» станцым Мазэм тригъэуващ «Луноход-1» езырызекІуэ аппаратыр.

♦ЩэкІуэгъуэм и 17 - 18-хэм Лондон (Инджылыз) щекІуэкІынущ хьэрычэт щІэным и дунейпсо тхьэмахуэ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэрэс тІэкІу къыщехъынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырыр
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щэху гуэр зимыІэ щыІэкъым.

● Узыншагъэ

МашинэщІэхэр къаІэрохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и медицинэ транспортхэр щІэкІэ зэрахъуэкІ. Мы гъэм къриубыдэу абыхэм къаІэрыхьэнущ автомобиль 60-м щІигъу.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и пэщІэдзэм республикэм къыІэрыхьащ «А» классым щыщ «Дэлэпыкъуэгъу псынщІэ» машинэу 25-рэ, ахэр район сымаджэщхэм щолажьэ. Мыгувэу Налшык, Бахъсэн къалэхэм я «Дэлэпыкъуэгъу псынщІэ» станцхэм «Б» классым щыщ машинэу 16 яІэнущ.

Гъэгум къыщыхъу гуэзэгъуэхэм фэбжь хэзыххэм медицинэ хэлъхуэщІэу ягъэтыр ирагъэфІэкІуэным теухуа федеральнэ программэмкІэ, апхуэдэу республикэ бюджетым къихэкІ мылъкукІэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм «С» классым щыщ реанимобилу 7 къищхуащ. КъызэрымыкІуэ къэхъукъащІэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр медицинэ центрым автомобилу 2, Республикэ клиникэ сымаджэщым - 3, Аруан, Іэщхьэмахуэ районхэм сымаджэщхэм зырыз яІэрыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащІэ шынагъуэхэмкІэ и медицинэ центрым и унафэщІ Къардэн Алим зэрыжиІэмкІэ, реанимобилхэр къызэгъэпэщащ машинэ зэжьэхэуэм фэбжь хэзыха цыхур сымаджэщым нашэсыхукІэ зэрелэ́ээн медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ. Апхуэдэу центрым къыІэрыхьэнущ бгыпЪ щІыпІэхэм тыншу щызекІуэну автомобилхэр.

Республикэ бюджетым къыхэкІа мылъкукІэ «Б» классым щыщ «Дэлэпыкъуэгъу псынщІэ» машинэу 8 къащхуащ. Ахэр травматологие къудамэхэр къащыщІэуахыну я мурад Тэрч, Прохладнэ, Іэщхьэмахуэ, Шэджэм, Аруан район сымаджэщхэм иратынущ.

- Медицинэ транспортхэр куэду къызэрытІэрыхьэм Іэмал кьыдитащ «Дэлэпыкъуэгъу псынщІэ» машинэхэмкІэ ІэхъущІапІэхэр къызэдгъэпэщыну. Абы къищынэмыщІауэ, «С» классым щыщ реанимобилхэр къызэрытщэхур травматологие Іэнатіэр егъэфІэкІуэнымкІэ длэжь ІэхъуГъуэхэм я зы Іыхьэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащІэ шынагъуэхэмкІэ и медицинэ центрым фэбжь хьэлъэ зытелъхэр зрагъэшалІэ Республикэ клиникэ сымаджэщым удын хьэлъэ зыгъэтахэм щеІэзэ и кьудамэр зэман гъунэгъум къриубыдэу иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщынущ. Дэ ди къалэнэр къэхъукъащІэ шынагъуэхэм фабжь хэзых дэтхэнэми и чэзум тэмэму дыдэІэпыкъунырщ, - жиІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Шэт Ирмэ.

Чэнджэщ щхьэпэхэр

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Республикэ клиникэ сымаджэщым иджыблагъэ къыщыззрагъэпэщащ Инсультым пэщІэтыным и дунейпсо махуэм хуэгъэпсауэ а узыр псынщІэу зыкъзэрыпхутэнум, ар къызыхэкІыр къызэрыпщІэнум, узэрелэ́ээну Іэмалхэм ятеухуэ Іуэху щхьэпэ.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къэжэр Хьусен зэрыжиІамкІэ, Іуэхум тэмэму зэрызыхуагъэхьэзырам и фІыгъэкІэ сыхьэт зыбжанэм къриубыдэу сымаджи 100-м нэблагъэм я щыткІэр зыхуэдэр къапщытэну хунэсащ. А махуэм сымаджэщым къеклуэлІахэм ельащ, чэнджэщхэр ираташ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и штатым хэмыт и неролог нэхъыщхьэ, профессор Лъэпщокъуэ Ларисэ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Чудопал Сергей, Лъэнтхуэ узыфэхэм щеІэзэ центрым и къудамэхэм я унафэщІхэу Щомахуэ Верэ, Табакоевэ Жамилэ, Акъбашэ Марьянэ, эндокринолог Гугу Ларисэ сымэ.

Зи узыншагъэмкІэ шынагъуэ щыІэу кьалъыта цІыху 20-м щІигъуи УЗИ-кІэ, компьютер томографикеІэ елъпІащ. Зэгуэр инсульт зиІахэм хущхьуэхэр зэрызрахьэлІэнымкІэ чэнджэщхэр ираташ. Апхуэдэу лабораторэ щэнщытэнымгъэхэр ирагъэкІуэкІащ диагностикэ Іэнатіэмкіэ къудамэхэм я унафэщІхэу Созаевэ Марие, Любашевская Бэллэ, Геккиевэ Жанэт сымэ.

- Инсультыр - ар узыфэ шынагъуэщ, къызэрыппкъ-рыхьар къыумыщІэуэрэ зеужьри, хотІасэ, - жиІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Шэт Ирмэ. - Ар къызыпкърыхьа цІыхум япэ сыхьэтищым къриубыдэу удэІэпыкъуэмэ, и узыншагъэр тэмэму зэтеуджынущ. Инсультыр нэхъыбэрэ дызрихьлІэ узыфэхэм ящІэу хъуащ, илъэс къэс абы цІыху мин йолІыкІ, куэд ныкъуэдыкъуэу кьеГанэ. Абы кьыхэкІыу мыхьэнэшхуэ иІэщ дэтхэнэ зыми узыфэм и нэщэнэхэр зыхуэдэр ищІэным, и чэзум «Дэлэпыкъуэгъу псынщІэр» къриджэным. Инсульт зиІэм дэІэпыкъуфынур Лъэнтхуэ узыфэхэмкІэ центрым и лэжьакІуэхэрщ. Апхуэдэу щытми, нэхъыщхьэр уи узыншагъэр укІэлъпылъынырщ, дохутырхэм я чэнджэщхэм утетынырщ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Я махуэшхуэр ягъэлъэпІащ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ органхэм я лэжьакІуэм и махуэм теухуа Іуэхугъэ гуапэ Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ куейм щиІэ къудамэм щекІуэкІащ. Хабзэхъумэхэм екъуэхъуну крихьэлІат Іуащхьэмахуэ район, Тырныауз къалэ администрацэхэм я ліыкІуэхэр.

РАЙОН администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Ўнаев Казым зи махуэшхуэр зыгъэльапІэ хабзэхъумэхэм фІыщІэ яхуищІащ, кьыхэжаныкІа лэжьакІуэ нэхъыфІхэм щІыхь тхылъхэр яритащ. Тырныауз къалэ администрацэм кьыбГэдэкІ щІыхь тхылъхэр лэжьакІуи 7-м хуагъэфэщащ.

Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ районымкІэ и къудамэм и унафэщІ, полицэм и подполковник Кучмезов Руслан къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ органхэм я ветеранхэм, лэжьакІуэхэм я махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ. Узыншагъэ быдэ яІэу, къызэфІэмыщІэу дяпэкІи щІэпхъаджагъэм пэщІэтмэ зэригуапэр кьыхигъэщри, цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным я къарур нэхъри хуэзащІэгъуэГуэн зэрыхуейри жиІащ. ЛэжьакІуэ нэхъыфІхэм абы яритащ фІыщІэ тхыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ. Урысей МВД-м и дамыгъэ лъапІэхэр - «Кьулыкъум кьызэрыщыхэжанымкІам папщІэ» медалым и япэ, етІуанэ, ещанэ нагъыщэхэр - хабзэхъумэм нэхъыфІу 16-м хуагъэфэщащ.

ТАРИМ Алисэ.

ЩІэблэм я щапхъэ

Щэкіуэгъуэм и 17-м, и юбилейр егъэлъапІэ КЪБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и органхэмрэ къэрал кІуэцІ-дзэхэмрэ я советым и тхьэмадэ Думай Борис. И лэжьагъуэм къабГэдэкІыу абы кьыІэрыхьа хъуэхъу тхыгъэ нобэ тыдодзэ.



ПщІэ зыхуэтщІ Борис Щыхьым и къуэ!

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІэм, коллегием, сэ къызбГэдэкІыу уи юбилей дахэмкІэ, уи ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъымкІэ сынохъуэхъу!

Уи гъащІэ гъэзуганэр Іэщ1агъэм хуэпэжьыным и щапхъэщ. И лъахэр, къэралыр ихьмэу зи гъащІэр Хэку зауэшхуэм щыхьта и адэр пасэу зыкІэкІуэда уи ун анэм и щІагъэм уХуауащ. Уи сабиигъуэр хиубыдащ ди къэралым и дежкІэ нэхъ илъэс гуГуу дыдэу щытахэм. Уи ныбжь минищ бжыгъэхэм уащІыгъуу уэ ухэтащ зауэм зэтрикъута хозяйствэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфІэгъэувэжьным. Егупсысауэ Іэщагъэр кьыхэпхащ, СССР-м и МВД-м Харьков дэт и мафІэс-техникэ еджапІэм уцІэтІысхьэри, илъэс 17 ныбжьым хабзэхъумэ сэлэтым и фащащ щыпТІэтауэ, Урысейм и офицер цІэ лъагэр пщІэрэ щІыхьрэ иІэу нобэр кьыздэсым ибохьэкІ. ИпэжьитІэкІэ уи кьулыкъу гъэзэгъэн Урысей МВД-м и щІэблэщІэм я дежкІэ щапхъэщ. Япэ махуэхэм щыщІэдзауэ укъэмылэнджэжу икІи хьэлэлу кьулыкъур епхьэкІащ. МафІэсым зыщыхъумэнымкІэ инспектору кьыщІэбдзэри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министерствэм и кьудамэ кьулыкъум унэсащ, сыт щыгъуи уи къарури, щІэныгъэри, зэфІэкІри хабзэхъумэ органхэм я лэжьыгъэр ефІэкІуэным хуэбгнэтІащ. Лэжьыгъэм екъуІэнымгъэ щызыІэрыбГэхьащ, унафэщІ ткІийуэ, пэжым и телъхьэу укъекІуэкІащ.

Отставкэм уэзрыкІуэу, КЪБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и органхэмрэ къэралыгъэ кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеран зэщІэхьеенымгъэр къызэгъэпэщыным яужь иужьащ. Уэ уи фІыщІащ КЪБР-м и ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеран зэгухэныгъэ республикэм щыпашэу, Урысейм щынэхъыбГхэм ящыщу зэрыщытри. Уи унафэм щІэту ирагъэкІуэкІ щІалэгъуалэр хэкупсэу, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу кьэтэджыным хуэунэтІа лэжьыгъэр, сыт и лъэныкъуэкІи ядоІэпыкъу КЪБР-м щыІэ МВД-м и пенсионерхэм. Хэкум гулъытэ лъагэ кьыхуищащ уи лэжьыгъэм. Орден, медаль зэмылІэужьыгъуэхэр, Урысей МВД-м, КЪБР-м щыІэ МВД-м, республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ кьабГэдэкІ щІыхь тхылъхэр кьыпхуагъэфэщащ. Уи лэжьыгъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр уи лъахэгъуэм я ветеранхэм я дежкІэ щІыхьымрэщ.

ПщІэ зыхуэсщІ Борис Щыхьым и къуэм си гум, си псэм кьабГэдэкІыу сынохъуэхъу уэзышагъэ быдэ, зІыуэпэщІыгъэ, насып уиІэу упсэну. Ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэм адэкІи зэкъуэту дыхуэлэжьэну сыщогъэ!

ВАСИЛЬЕВ Сергей,
къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант.

«Ашэмэзыр» и хъумакІуэу

Адыгэхэм ди лъэпкъ щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм ящыщ лъапІэныгъэхэр хъумэным хуолажьэ «Ашэмэз» жылагъуэ зэгухьэныгъэр. 1992 гъэм къызэдгъэпэщауэ щыта а зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ адыгэхэм ди щэнхабзэмрэ тыдэмрэ ятеухуауэ нэхъ пасэу дунейм къытехьауэ щыта тхылъ купщІафІэхэр, лъэпкъпсо мыхьэнэ зиІэхэр, къыдэгъэкІыжыныр.

Ящ1э дыдэу иужь дихьащ Налшык 1951 гъэм къыщыдэкІауэ щыта «Нартхэр. Къэбэрдей эпос» тхылъыр къыдэгъэкІыжынымк. А Іуэхур къызыхуэтыншэу зэфІэтхащ: экземпляр мини 10 хъуэу «Нархэр» мыгувэу дунейм къытедгъэхьащ. Лэжьыгъэр дублэн ипэкІэ, чэнджэщкІэ зыхуэдгъэзат тхылъыр япэм къыддзыгъэкІауэ щытахэм ящыщ Къардэнгъущі Зырамыкъ. Ялэрадзэ, жедгъэІэнут эпосыр къыдгъэкІыжынымэ зэрелъ щІыкІэр. Апхуэдэуи «авторым и хуитыныгъэм» ипкъ иткІэ, Зырамыкъ арэзы техъуэн хуейт тхылым дзэнжьжьыным.

Апхуэдэ хуитыныгъэ заншІэу Къардэнгъущым икІи «Нартхэр» къыдэгъэкІыжыным епха лэжьыгъэ псоми набдзэгубдзапІэуэ кІэлъыплъащ, абы пэублэ псалъэ хуэтщІын тхыгъи игъэхьэзырауэ щытащ.

Ар «Ашэмэзым» и япэ лъэбакъуэ хуищІафІэт. Илъэс 20-м щІигъуауэ лъэпкъ Іуэхум хуэлажьэ а зэгухьэныгъэм ноби зэфІэк адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэным хуэгъэпса лажьыгъэхэр.

БЖЭНЫКІЭ Мухьэб,
«Ашэмэз» зэгухьэныгъэм и унафэщІ, КЪБР-м щыІэ зиІэ и журналист.

● Электросетхэр

ХуэдитІым щІигъукІэ

«Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мазибгъу кІуам кьыпэщыта инвестицэ программэр процент 222-кІэ игъэззэщІащ. Сом мелуани 138,637-рэ хьу я илъэс бюджетым щыщу мелуан 90-рэ мин 361-рэ мы гъэм а Іуэхум халъхьащ.

ОБЪЕКТ нэхъыщхьэхэм ящыщ «Налшык» подстанцым и реконструкцэм сом мелуан 35-рэ мин 523-рэ хухахащ. Киловатти 110-м тещІыхьа тох гуэшыпІэм и хэщІапІэр зэрагъэпэщыжащ, и пщІанТІэмрэ Іэмэпсымэхэм екІуалІэ гъэзугъэмрэ асфальт траліхьащ, уэшхыпс щІэжьапІэхэр зыхуэя хуагъэзащ. ЭлектроткъарукІэ кьызэзыгъэпэщ центрым и лъэщагъым зэрыхагъэхуэм лэжьыгъэр зэпІэзэрыту зэтриухуэнущ, Налшык къалэм щыщу токыр пызыдзэну хуейхэм апхуэдэ Іэмал ягъэтыну.

Хъыбархэр зэрызэхуахьэс, зэрызэІэпах щІыкІэр егъэфІэкІуэным сом мелуан 33,5-рэ кьыщагъэсэбэпащ. Киловатти 110-м хуэщІа «ПТФ - Налшык-Тяговая», «Налшык - Тяговая-Искож», «БГЭС - Къызбрун-110», «БГЭС - Дзэлыкъуэжьажэ» волокно-оптикэ связь линэу километр 60-м монтаж лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ. «ПТФ», «Искож», «Дзэлыкъуэжьажэ», «Къызбрун» подстанцэм ВОЛС связыр щызэтраухуэн папщІэ, телемеханикэ Іэмэпсымэ хэхахэр ягъэуващ.

ЩІыналъэ къудамэм нобэ ВОЛС связу километр 220-м нэблагъэ кьеГэсэбэп. Киловатти 110-р зи лъэщагъ подстанц 35-м я щытыкІэм теухуа хъыбархэр токкІэ кьызэзыгъэпэщ центр 18-м телекъэпщытэныгъэ, телесигнализацэ Іэмалхэмкіэ щызэхахьэс.

Инвестицэ программэм ипкъ иткІэ, киловатти 110-рэ зрикІуэ «Налшык-110 - Налшык-330» уэгу линэу километри 5,2-рэ зэрагъэпэщыж. А лэжьыгъэр елліанэ кварталым яухыну я мурадщ.

«Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Зыри хагъэзыхьынукъым

2015 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ Урысейм и цІыхухэм универсальнэ электрон картэхэр ирату щІадзэнущ. Картэр, щІэлъэІуам-щІэмылъэІуам тещІыхьауэ зэхагъэж ямыщІу, псоми иратынущ, ар кьыІахыну зэрыхуэмейм кІэ официальнэу тхылъ зытахэм нэмыщІ. «Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм яхуэщІэныр кьызэгъэпэщыным и Іуэхуэ кІэ» 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къащта Федеральнэ закон №210-ФЗ-м и 26-нэ статьям ипкъ иткІэ дызыхуэкІуэ илъэсым и япэ махуэм щегъэжьауэ электрон картэхэр кьыдагъэкІынущ, цІыхум тещІыхьауэ КЪБР-м и къэрал властым и щІыналъэ органхэм, гъэззэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ органхэм, Урысей Федерацэм бюджетым щымыщ и къэрал фондхэм я щІыналъэ органхэм я хъыбар псори къагъэсэбэпурэ.

АПХУЭДЭ картэр цІыхум зы илъэсым хуриубыдэу кьимыщтэжамэ, ар Урысей Федерацэм и субъектым и уполномоченнэ органым иратыжри, аргуэру зы илъэскІэ яхъума иужь ягъэкІуэдыж. ФІэкІыпІэ имыІэу электрон картэр цІыхум кьиГэсэбэпын хуейуэ щытткъым.

«Универсальнэ электрон картэ» уполномоченнэ федеральнэ Іуэхущ1апІэм кьызэритамкІэ, зи гугъу тщІы картэхэм хуэдэу къэралым кьыщыдагъэкІар мин 370-м щІегъу. Ар кьыІахыну лъэІу зытахэм я бжьыгъэ цІыху мин 523-м ноблагъэ. Ди республикэр кьапщтэмэ, электрон картэхэр зратахэр цІыху 500 ирикъуэркъым. Иджыри апхуэдэ картэхэр кьыІахыну цІыху 670-рэ хуэдиз поплъэ.

Универсальнэ электрон картэм гуэдзэн нэхъыщхьэу тІу итынущ. Зым цІыхур зищІысыр кьыщыгъэлъэгъуащ икІи абы ІоІупІа къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр электрон мардэм иту зэфІэзыгъэкІэр. Банкхэм папщІэ гуэдзэныр кьагъэсэбэп Урысейм и щІыналъэм хьэпшыпхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэр щатын папщІэ. А гуэдзэныр зэкІэ щызэрагъэкІуэр Урысейм и Хъуманпі банкырщ. Ауэ дяпэкІэ цІыхум езым кьыхих хъунущ электрон картэр кьыщыгъэсэбэпыну банкыр.

Картэм апхуэдэу тетщ фІэкІынІэ зимыІэ медицинэ страховэнэм, пенсэмкІэ страховэнэм ятеухуа хъыбархэр. Абы кьыхэкІыу тхылъымпІэм тет кьызэрыгуэкІ полисхэм я пІэкІэ электрон картэхэр сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ кьыщагъэсэбэп хъунущ.

УЭРКЪУАСЭ Каринэ.

Псэупіэ сертификатхэр ират

Тезырхэр ирегъэхьэкІыныжмкІэ федеральнэ кьулыкъум и управленэу КЪБР-м щыІэм гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къэрал псэупІэ сертификатхэр щатащ. «Псэупіэ 2011-2015» федеральнэ программэм ипкъ иткІэ уголовнэ-гъэззэщІакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр унэкІэ кьызэрагъэпэщ.

УРЫСЕЙ ФСИН-м и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ къэрал кІуэцІ кьулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд республикэм щыІэ УИС-м и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ я унагъуи 10-м яритащ сом мелуан 29-рэ мин 587-м щІигъу зи уасэ псэупІэ сертификатхэр.

КьулыкъущІэр абыхэм ехъуэхъуащ илъэс бжьыгъэкІэ зыпэплъа Іуэхур кьаззерехъулІамкІэ икІи кьуэд щІауэ хьэлэлу зэрылажьэм апхуэдэ тыгъэ кьызэрыпэкІуамкІэ. Абы жиІащ мыгувэу унэщІэ хуэхуэхуэр чэзум хэт адрейхэми ирагъэкІуэкІыну зэрыщыгугъыр.

ЗЭБАР Мадинэ,
КЪБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Акцэ

«Жьэгу пащхьэ хуабэ»

СИРИЕМ щекІуэкІ зауэм зи щхьэр кьыхэзыхыу ди дежкъэІэпхъуэжа ди лъэпкъэгъуэм кьрата псэупІэ унэхэр кьызыхуэтыншэу зрагъэпэщауэ пхужьІэныкъым. Абыхэм ящыщ куэдыр псом хуэмыдэу хуэныкъуэщ унэлъащІэжьым. «зигу кьабзэхэр» щІалэгъуалэ зэщІэхьеенымгъэм апхуэдэ щытыкІэр кьилъытэри, «Жьэгу пащхьэ хуабэ» фІэщыгъэм щІэт псапащІэ Іуэху иублащ. Абы ипкъ иткІэ ди унагъуэхэм зыхуагъазэ, лей хъуа, зыхуэмеиж унэлъащІэ тэмэм яІэмэ, щытыкІэ гугъум ит ди лъэпкъгъуэхэм ядэІэпыкъуну.

Акцэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм запыфщІэ хъунущ мы телефонымкІэ: **8-963-166-92-34.**

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

Топ закъуэми текІуэныгъэр къехь

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ротор» (Волгоград) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Щэкіуэгъуэм и 13-м. ЦІыху 800 елъпІащ.

Судьяхэр Верлидзе, Касабиев, Тибилов (псори Владикавказ щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Городовой, Васильев, Науменкэ, Каркаев, Михайлов (Бая, 89), Гуз (Дыщэкі, 39), Ахриев (КІыщ, 57), Гъурф (Мэшыкъуэ, 85), Кьуэн 3. (Мэкъуауэ, 67), Бажэ, Гугуев.

«Ротор»: Поляков, Никуличев, Ионов, Коваленкэ, Бесльэней, Клюев, Смирнов (Гайдуков, 84), Гаджиев, Тазетдинов, Герасимов, Ляшенкэ (Лукьянов, 65).

Топыр дигъэкІащ: Бажэм, 59-ненальтикІэ (1:0).

Дагъуэ къыхуащІащ Гъурфым, Никуличевым, Михайловым, Смирновым.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ «Спартак-Налшыкым» щэкІуэгъуэм и 13-м къригъэблэгъат Волгоград и «Ротор» командэр. Абыхэм я къаркІэ зэрагъэхь щыІэтэкъым икІи турнир таблицэм щаІыгъ увыпІэмкІи къахьа очко бжьыгъэмкІи зэрызэщъхьащІыр мащІэ дыдэт - зы очко закъуэт. ТекІуэныгъэр зыІэрызыгъэхьэм и Іуэхуэр хэщІыкІыу иригъэфІэкІуэфынут. Абы щыгъуэми, Волгоград щекІуэкІа япэ къэкІуэкІыгъуэм хьихьэ зэІущІэм налшыкдэсхэр 2:1-уэ щынэхъыфІат.

Иужьрей зэманым ди щІалэхэм тегушхуауэ зыкъаГъэлъагъуэ. ЖьипІэну ирикъунщ джэгугъуих хъуауэ абыхэм я гъуэм зы топи кьызэрыдамыгъэкІыфар, езыгъэ 11-рэ кьызэрыхэжаныкІар. Хьэлэмэтращи, мы джэгугъуэм ипэ кьихуэу и стадионым щрагъэкІуэкІа иужьрей зэІущІищми налшыкдэсхэр бжьыгъэщхэкІэ 3:0-у («Алания»-мрэ «Таганрог»-мрэ) е 4:0-у («Ангушт»-м) щытекІуат. А екъуІэныгъэхэм адэкІи кьыпащэну дигугъэрт, арщхьэкІэ «Ротор»-м апхуэдэ Іэмал къаритыну фІэщщІыгъуейт. Апхуэдэуи кьэхъуащ.

Зыхэт гупым я хьэрхуэрэгъуэхэм топ нэхъыбэ дыдэ щыхудзэщІыгъэкІа налшыкдэсхэмрэ (23) волгограддэсхэмрэ (22) я гъащІэкьуэкІэ занщІэу ебГэрэрыкІуэну хущІэкъуащ. Абы щыгъуэми я Іуэр зэрахъыжмэкьи хуейр зыщагъэгъупщэртэкъым. Псом хуэмыдэу а Іуэхугъуэм елІэлІащ хьэщІэхэр. Ди лъахэгъу Бесльэней Руслан я пашэу абыхэм зыхъужмэкьыншэм хухахат цІыху зыхьлбл. Аращ зи фІыгъэр зыкъомрэ «Спартак-Налшыкыр» «Ротор»-м и Іуэм зэрыбГэдэмыхьэфар. ЕпщІыкІуплІанэ дакьикъэм и закъэщІ хьэщІэхэм ди щІалэхэр щІэщІэкІар, арщхьэкІэАхриев Хьэсэн метритІ-щыкІэ фІэкІа Іуэм пэмыжьжьэу топым и лъакъуэр техуакъым.

Иужьрей зэманым хабзэ зэрыхъуащи, загъэпсэхуу къихьэжа иужькІэщ налшыкдэсхэм зыкъащІызэкъуахьпар. И зи чэзу угловойр ди щІалэхэм яхьатауэ зэхьэрхуэрэгъуэхэр топым щризэныкъуэкъум, ар хьэщІэхэм ящыщ зым и Іэм теухуащ. Владикавказ къикІа судья нэхъыщхьэ Верулидзе Лашэ щэч лъэпкъ кьытримихьэу метр пщыкІузымкІэ игъэльэгъуащ. Пенальтир Іэзэу игъэзэщІащ ди командэм и капитан Бажэ Амир. Абы топымрэ гъуащхьэтетымрэ гъуэм и плІанэпэ зырызымкІэ хъыщІэхутащ - 1:0.

Адэкіи «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр иутІыпщащ. ИкІи бжьыгъэ игъэбГэгъуэфыну щытащ. Псом хуэмыдэу абы пэгъунэгъуащ Мэкъуауэ Залым. Метр зыщыплІкІэ фІэкІа пэмыжьжьэу ар и къару кьызэрихькІэ зэуа топым «Ротор»-м и гъащІэхэтетыр зэрыпэлъэщар гурыІуэгъуэкъым.

Джэгур и кІэм нэблагъэпауэщ хьэщІэхэм дыкъыщагъэгъуэвар. 90-нэ дакьикъэм абыхэм бжьыгъэ зэхуэдэ ящыжыну яхуэзэфІэкІащ, арщхьэкІэ, футбол хабзэр кьызэпаудаэу кьыпльытэри, судьям топыр хибжакъым. Абы ипэжкІэ ди гъащІэхэтетым налшыкдэсхэр кьриГэлащ.

Арати, пенальтикІэ дигъэкІа топ закъуэм «Спартак-Налшыкым» текІуэныгъэр кьыхуихьащ, и гъуэр кьызэрыхамыгъэщІари дакьикъэ 548-м (!) нигъэсащ.

Иджы фІыщІдгъэгъуэзэнщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужьу щызэхэта джэгугъуэм кьрикІуа бжьыгъэхэм: **«Таганрог»** (Таганрог) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **3:1**, **«Анжи-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **0:1**, **«Алания»** (Владикавказ) - **«Динамо-ГТС»** (Ставрополь) **0:0**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **0:3**.

КъыкІэпыкІуэу «Спартак-Налшыкым» хуабжьу зэІущІэ гугъу кьыпэщылъщ. ЩэкІуэгъуэм и 18-м Ставрополь къалэм ар щыдэджэгунущ мыгъэрей зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъ «Динамо-ГТС»-м. Хэгъэрейхэр хагъащІэмэ, ди щІалэхэмрэ абыхэмрэ турнир таблицэм щаІыгъ увыпІэхэмкІэ зэхьэзэхэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр.
2 гуп

Командзэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Динамо-ГТС»	16	8	5	3	18-10	29
2. МИТОС	15	7	6	2	21-8	27
3. «Спартак-Налшык»	15	7	5	3	24-10	26
4. «Таганрог»	16	7	5	4	17-12	26
5. «Мэшыкъуэ-КМВ»	15	7	4	4	17-16	25
6. «Ротор»	16	6	4	6	22-19	22
7. «Ангушт»	16	5	4	7	12-22	19
8. «Анжи-2»	16	4	5	7	11-16	17
9. «Алания»	15	4	4	7	16-26	16
10. «Тэрч-2»	15	2	6	7	7-13	12
11. «Астрахань»	15	3	2	10	14-26	11

● ХъыбарегъащІэ

Феблагъэ пшыхьым

ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Алий и цІэр зезыхьэ ЩэкІуэдт къэрал драмэ театрым усыгъэ зыфІэфІхэр фреГъэблагъэ Бэлагъы Любэ и «Синие дожди Уиндзора» пшыхьым. Ар щэкІуэгъуэм и 15-м сыхьэт 19:00-м щІидзэу екІуэкІынущ, усакІуэ бзыльхъугъэм и Іэдакъэщ1экІхэм езыри артистхэри кьеджэнущ.

● Фэеплъ

Илъэс блыщIрэ щырэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэ

Къашыргъэ Хьэпащ!э къыззэралъхурэ илъэсищэ ирокъу

Гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, куэдрэ псэуркъым: ику иту абыхэм илъэс 70 - 75-рэ къагъащIэу аращ. Пэжу, нэхъыбэ къэзыгъэщIахэри щыIэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, урыс тхакIуэ цIэрыIуэхэу Толстой Л. Н. (92), Тургенев И. С. (90) сымэ. Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ гъуэзэджэ, жылагъуэ лэжьакIуэ ахъырзэман КIыщокъуэ Алим псэущ илъэс 87-кIэ. Алимщ ди тхакIуэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэрэ псэуар. Зи гугъу тщIыну ди тхакIуэ цIэрыIуэ Къашыргъэ Хьэпащ!и, ди жагъуэ зэрыхъущи, гъащIэмащIэт, ауэ, дызэрыщыгъуазэщи, лъэужь дахэ къигъэнащ, ар фIыкIэ цIыхухэм ягу къагъэкIыж - икъукIэ хуэфащэу. Адыгэ лъэпкъыр дунейм тетыху, Хьэпащ!э щIыхубэм ящыгъупщэнукъым, ар фIыкIэ ягу къагъэкIыжынущ. Апхуэдэ щIыхьыр Хьэпащ!э и Iуэхущ!афэхэмкIэ къилэжьащ.

ИлъэС куэдкIэ - щ!э ныкъыэрэ тхукIэ - жыдж эрэу икIи зэфIэкI иIэу, хьэлэлу икIи къару емыблэжу лъэпкъ литературэм хэлэжьыхьащ Къашыргъэ Хьэпащ!э. Ар адыгэ прозэм и зыужьныгъэм зи гуащIэ хэзыльхьа ди тхакIуэ нэхъыфIэхэм ящыщ. А зэманым къурибудэу абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ романхэмрэ повестхэмрэ, рассказхэмрэ очеркхэмрэ, усэ пщIы бжыгъэхэмрэ пьесэхэмрэ. И литературэ-творческэ лэжьыгъэ мытынышм къыдэкIуэу, Къашыргъэр жыджэращ жылагъуэ-политикэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхухэмкIи.

ПсэукIэщIэм зи гъащIэр ихъуэжа, зи гуащIэр къызэщIиIэта щIалэщIэм пасэ дыдэу тхэн щIидзащ. Абы и гурыгъу-гурыщIэхэр усэ пшынальэу къэIуащ, и усэ-уэрэдхэм гуфIэгъуэ макъамэ гуакIуэхэр щIэту кIыхьу заукъуэдиящ. А усэхэм Хьэпащ!э и зэфIэкI псори ямыгъэбелджылами, абыхэм ди литературэм лъэужь гуэр къыхамынами, ахэрэм тхакIуэм и ягъэ лъэбакъуэ литературэм зэрыщичар. Къашыргъэм и ягъэ тхылъри зауэм и пэкIэ 1940 гъэм къыдэкIа «Догъагъэ» усэ сборникыращ. А зэманым Къашыргъэм, усэхэм къыдэкIуэу, рассказхэри итхыну щытащ, ауэ ахэр къыдэкIыну щыхуежьар Хэку зауэшхэм иужькIэщ, плIыщ гъэхэм я етIуанэ Iыхьэмрэ тхущ гъэхэм я ягъэ Iыхьэмрэщ. Хьэпащ!эм и прозэ тхыгъэхэр 20-нэ лIэщIыгъуэм и блыщ гъэхэм къытредзэгу щIадзэ. И рассказ зыбжанэрэ и романитIымрэ («Насыпым и хэкIыпIэмрэ» «Лъапсэ быдэмрэ») къыдэкIащ абы щыгъуэ.

Къашыргъэ Хьэпащ!э Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Шэджэм районым хьыкъ Щхьэлыкъуэ адыгэ куэджэшхэм къыщалъхуащ 1914 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м. Къашыргъэм и унагъэр 1928 гъэм Джэрмэншык зыфIаща къуажэщIэм Iэпхъуэ иужькIэ, Хьэпащ!э и гъащIэ псор а къуажэм щигъэкIуащ. И сабиигъуар игу къигъэкIыжу, абы мыпхуэдэу итхыжьигъащ: «Хуабжу хьэблэфIт ди хьэблэр. Сэ фIыуэ сымыщIэжми, нэхъыжьхэм къызэраIуэтэжьмкIэ, лIыгъэ зиIэ цIыхуфI куэди дэсащ ди хьэблэм... Пэжыр жыпIэмкIэ, а псор ди нэхъ гурыIуэгъуэу къыщысIуэтэжа тхыгъэ гуэрхэри сиIэщ».

Къашыргъэ Хьэпащ!э къыщалъхуа Щхьэлыкъуэ дэта еджапIэм 6-нэ классыр къыщиухащ, адэкIэ Джэрмэншык къуажэм щыпищащ, зыхэтым фIыкIэ ухахэщу, щапхъэ яхэхъуу, щ!эныгъэм хуэнэхъуеиншэу, щ!ыхьи еши имыщIэу. Абы иужькIэ Къашыргъэр егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Пшахуабэ дета институтым эзэфIэкI дэгъэу къыщигъэльагъуэу, хьэл-щэн дахэ хэлъу щеджащ.

А илъэсхэм Хьэпащ!э хущ!экъащ щ!эныгъэфI зригъэгъуэтыну икIи ар абы къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ. 1934 гъэм Къашыргъэм а еджапIэр екъулIэныгъэкIэ къиухри Джэрмэншык къигъэзэжащ, егъэджакIуэ лэжьыгъэм пэрыуащ. Щ!эныгъэ хьарзынэ зэзыгъэгъуэта щIалэщIэр япэщIыкIэ егъэджакIуэу, итIанэ а еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэу, иужькIэ абы и директору лэжьащ. А зэманым Къашыргъэм дэлэжьахэм къызэраIуэтэжамкIэ, Хьэпащ!э сыт хуэдэ лэжьыгъэми хьэлэлу икIи ерыщу бгъэдэтащ. Зэрыщ!ыкIурэ щ!эныгъэм щ!эхъуэпс, хуэнэхъуеиншэ, нэхъыбэ зэзыгъэщ!эну хуей щ!ыху гумызагъэр Налшык къалэм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и еджапIэ нэхъыщхьэм щ!этIысхьэри, зэрылажьэм хуэдэрэ, 1940 гъэм ар екъулIэныгъэкIэ къиухащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щыщIэса илъэсхэм Хьэпащ!э и щ!эныгъэм нэхъри хигъэхуащ, абы кууэ иджащ адыгэ тхыдэр, щ!ыхубэ IуэрыпIуатэр, бзэ щ!эныгъэхэр, лъэпкъ икIи урыс классикэ литературэр, философиер, педагогикэр, логикэр. Мы илъэсхэм Къашыргъэм ерыщу икIи жыджэру зыхуигъэхъэзыращ и литературэ лэжьыгъэр зэрыригъэфIэкIуэным, и Iэзагъэм зэрыхигъэхъуэным, ар лъэ быдэкIэ лъэпкъ литературэм зэрыхъуэвэным икIи абыхэм ягъыщIа нэгъуэщI Iуэхугъуэ щ!ыхьэпхэри зэригъэззэщIэным.

Къашыргъэм и литературнэ лэжьыгъэм щыщIидзар 1932 гъэм тохуэ. Абы щ!ыхьэт тохуэ а зэманым Хьэпащ!э къытрыригъэдза усэхэр, нэхъ иужьыуэкIэ итха рассказэхэмрэ очеркхэмрэ, публицист тхыгъэ купщIафIэхэр.

Къашыргъэ Хьэпащ!э и литературэ лэжьыгъэр Хэку зауэшхэм и зэманым пIалъэкIэ зэпигъэуащ. Езым зэшащагъэ щIалъуэ зэримыIэм къыхкIкIэ, Хэку зауэшхэм ираджакъым, ауэ зауэ щ!ыбым абы щигъэзэщIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ, щ!ыхьышхуэрэ сэбэныгагъ инрэ зыпылъ лэжьыгъэ. А цIыху псэ хьэлэлым лъэкI къигъэнакъым ди текIуэныгъэр нэхъ гъунэгъу къэщIымыкIэ, зауэлIхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщIымыкIэ. Псалъэм папщIэ, Къашыргъэм и жэрдэмкIэ ар зыдэса Джэрмэншык къуажэм 1944 гъэм Iэщ!э эзращ!ым ахъшэ сом мелуанрэ минищэрэ щызэхуахьэсауэ щыта. Езы Хьэпащ!э и ахъшэ сом мин щ!ы-кIуэ Iуэхум хилъхьэгъащ. Абы къыщынэмыщIауэ, и узынщагъэм къызэрихькIэ лэжьащ, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэрэ зэфIэкI инрэ кIигъэлъагъуэу. Ди республикэм ямыщэ фашистхэр ирахужа нэужь, 1943 гъэм щ!ыщылэ мазэм къуажэдэсхэм къыхуащI пщIэм, къаргъэз дзыхьым и щ!ыхьэту, Къашыргъэ Хьэпащ!э Джэрмэншык къуажэ Советым и Iэтащхьэу хахащ, «Джэрмэншык» мэкъумэшартелым и парт организацэм и секретару лэжьащ. Абы фIыуэ илъэгъуа литературэ лэжьыгъэм псэхугъуи бэуэгъуи къриту къыщIэкIынутэкъым. Арати, Къашыргъэм журналист лэжьыгъэм зритри, 1946 - 1950 гъэхэм «Къэбэрдей пэж» газетым, итIанэ республикэ радиокомитетым щылажьащ, и къалэнхэр къызыхуэтыншэу игъэзащIэу, и лэжьэкIэр куэдым щапхъэ яхуэхъуу.

Зауэ нэужь зэманым лэжьакIуэхэр зэрымащIэм, псом хуэмыдэу къуажэхэр зэрышэджэлъаджэр къалъытэри, район унафэщIхэм Къашыргъэ Хьэпащ!э 1950 гъэм Джэрмэншык къуажэм ираджэри, я курыт еджапIэм и унафэщIу ягъэуващ икIи а Iэнатlэр абы илъэсищкIэ ирихьэкIащ. Хьэпащ!э а лэжьыгъэм фIыуэ щыгъуазэти, псори дэгъуэу къызэригъэпэщащ. Мы курыт школыр районым и еджапIэ нэхъыфIхэм хабжэрт, псори къэрзынэу екIуэкIырт, арщхьакIэ а лэжьыгъэр и тхакIуэ Iэщ!агъэм зэран хуэхъуу къилъытэри, а къулыкъым яфытекIащ. 1953 гъэм къыщыщIэдзауэ абы егъэджакIуэу лэжьэн щIидзэжащ икIи 1975 гъэм пенсэм кIуэху, Къашыргъэ Хьэпащ!э адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щ!эблэм яригъэжащ икIи иущийуэ лэжьащ, фIыщIэрэ щытхъуэрэ иIэу. А зэманым Къашыргъэм и рассказ зыбжанэ къытредзэ сборникхэм, «Къэбэрдей» альманахым, ди лъахэм къыщыдэкI газетхэм. А лъэхъэнэм Хьэпащ!э и къарур щегъэунэху драматургиеми: абы зы теплъэгъуэ фIэкIа мыхъу «Жьымрэ щ!эмрэ» пьесэ щIыкIур итхащ.

Художественнэ прозэм къыщыдэкIуэу, тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ Iуэхугъуэ зэмыпIэужьыгъуэхэм ятеухуа очеркхэри. Абыхэм ящыщ «Щ!ыхь зиIэ дохутыр», «Адыгэкъуэр Белоруссием», «Къилэжьа щ!ыхь», «Мэл пщыIэм», «Дзэлыкъуэ хьупIэм», «Къуажэ еджапIэм» жыхуиIэхэр. Къашыргъэм и художественнэ тхыгъэхэми хуэдэу, мыбыхэми гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ ящ!эщ, гъащIэр зыгъэдахэ, езыгъэфIакIуэ лэжьакIуэ гуащIафIэхэм хъуэхъу хуэIэт. Мы зи гугъу тщIа тхыгъэхэр Къашыргъэм и художественнэ прозэм и щ!эдзапIэу щытами, Хьэпащ!э и тхакIуэ щ!ыхьыр лъагэу зыIэтар абы и ятеухуа прозаическэ тхыгъэшхуэрэ - 1957 гъэм къыдигъэкIа «Насыпым и хэкIыпIэ» роман гъуэзэджэщ. Мыбдежьми псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, абы повесткIэ еджэу илъэс щ!ыкIэ къэгъуэгурыкIуащ, ар сыт и лъэныкъуэкIи роман пщалъэм ит пэтми. 1987 гъэм адыгэ литературэмкIэ 5 - 11-нэ классхэм я школ программэм дыщеIэжьым, «Насыпым и хэкIыпIэ» тхыгъэр зэрыроманыр щыжьитIащ, 10-нэ классым щаджвыни дубзыхуащ.

«Насыпым и хэкIыпIэ» роман хъарзынэм нэгъуэщI тхыгъэфI зыбжанэ къыкIэлъыкIуащ. Апхуэдэщ «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь», «Гъащ!эр матэ щ!эдзакъым» роман купщIафIэхэр, тхакIуэм и иужьрей лэжьыгъэр - «Гъащ!э лъэужь» повесть гъуэзэджэр.

ТхакIуэ цIэрыIуэм и Iэдакъэщ!экI нэхъыфI зыбжанэм художественнэ щытыкIэфI зэрэIэм, абыхэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ ин зэрабгъэдэлъым щ!ыхьэт тохъуэ Хьэпащ!э и тхылъ зыбжанэ урысыбзэкIэ зэрадзэкIыу къэрал тхылъеджэм и пащхьэм зэрыралъхьар. Апхуэдэу Къашыргъэ Хьэпащ!э и «Насыпым и хэкIыпIэ», «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь» романхэр, «Гъавэ», «Зы жэщ» рассказхэр, нэгъуэщIхэри урысыбзэкIэ зэрадзэкIри, Налшыкрэ Москварэ къыщыдэкIащ икIи мис а Iэхугъуэм Iэмал къритащ Къашыргъэм и тхыгъэхэм щ!ыху куэдым щыгъуазэ зэ зыхуащIыну, ахэр кууэуэ яджыну, фIыуэ ельагъуну.

ТхакIуэм и пщIэр лъагэу къеIэт «Лъапсэ быдэ», «ПшэкIухь» романхэр, Москва дэт «Современник» тхылъ тедзапIэм урысыбзэкIэ къыззрыщыдэкIам. Ар Къашыргъэ Хьэпащ!э дежкIэ екъулIэныгъэшхуэ икIи пщIэшхуэщ, насыпинщ жытIэмэщ, щыуагъэ хъунукъым.

«Гъащ!эр матэ щ!эдзакъым» романыр Къашыргъэм и иужьрей тхыгъэшхуэщ. Романыр зэпыщIэныгъэ пыухыкIа зиIэ Iыхьитхуу зэхэлъщ. Абы щ!ыхьэт тохъуэ «Нобэми ящIэж», «Нэм къыфIэнэр гум къонэж», «ФIыцIэр» плъапIам гуГъуеиь зэпечыр», «Хэкум къеIэмэ, Гъащ!эр пэщIэдз», «Гъащ!эр матэ щ!эдзакъым» жыхуиIэ псалъащхьэкэр. Мы романым щ!ыззхуэхьэсащ тхакIуэ щ!эджащэм и гукъэкIыж гъуэзэджэм щ!ыщ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ щхьэхуэкэр.

«Гъащ!э лъэужь» повесть купщIафIэр теухуащ къуажэ щIалэгъуалэм я Iуэху зыIутым: я псэукIэмрэ я щIэблэм, я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ я Iуэхущ!афэ нэхъыщхьэхэмрэ. Повестыр 1984 гъэм Налшык адыгэбзэкIэ къыщыдэкIащ икIи абы ди тхылъеджэхэр гуапэу Iущ!ащ щытащ, ауэ литературнэ критикэм абы иджыри хуэфащэ гулъытэ хуищIакъым. Абы и щхьэусыгъуэрэ мыгурыIуэгъуэу къонэ.

Адыгэ прозаик цIэрыIуэ Къашыргъэ Хьэпащ!э и Iэдакъэщ!экIкIэм я тхуэху, ахэр щызэгъкъыра тхыгъэ зыбжанэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIыху куэдым ятащ. Апхуэдэ тхыгъэхэм ящыщщ Гоффеншефер Вениамин, Къэшэж Людмилэ, Шэвлокъуэ Пётр, Кьардэн Бубэ, Мысачэ Пётр, Къагьырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Сокъур Риммэ, Мэз Суаннэ, Ержьб Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэщ!экIхэр. Псом хуэмыдэу куэдрэ икIи IэкIуэлъакIуэу зэпкърыхьэуэ тепсэлъыхьащ Къашыргъэ Хьэпащ!э и тхыгъэхэм литературнэ критик Iэзэу, лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэу, щIыху гъуэзэджэу щIыта Шэвлокъуэ Пётр.

Къашыргъэ Хьэпащ!э и тхакIуэ щIыхьыр зыбжанэрэ ягъэлъэпIащ: 1964 гъэм и ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэ, 1974 гъэм - илъэс хыщI, 1984 гъэм - илъэс блыщI щIикъуэм, ирилъэлIэу.

Къашыргъэ Хьэпащ!э илъэс 46-кIэ (1941 - 1987 гъэхэм) ТхакIуэхэм я зэгуэхэныгъэм щIыхь иIэу, и къалэныр дзгъуэу игъэзащIэу, пщIэрэ нэмысрэ зыхуригъэщIу хэтащ, илъэс 40-м щIигъкIэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхугъуэм пыщIауэ лэжьащ. Абы а къалэнитIри и къару емыблэжу игъэзащIащ.

И лэжьыгъэфIхэм папщIэ Къашыргъэ Хьэпащ!э «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щ!ыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIэр 1973 гъэм къыфIащащ, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щ!ыхь тхылъыр тIэунейрэ - 1964, 1974 гъэхэм къратащ, егъэджэныгъэ Iэнатlэм щиIэ екъулIэныгъэм папщIэ 1968 гъэм РСФСР-м и дамыгъэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

И тхакIуэ зэфIэкI псори къигъэлъэгъуэну къемыхъулIэу, хуэлэжьыну псори сэтей къыщIыну хунэмысу, зэман кIыхькIэ хьэлъэу сымэджа иужькIэ, и ныбжьыр илъэс 73-м иту Къашыргъэ Хьэпащ!э 1987 гъэм мэкъуаугъэгъуэм и 5-м дунейм екIужащ.

А цIыху щIыпкъэр, тхакIуэ цIэрыIуэр, цIыху щ!эджащэр, егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэр, адэ гумащIэр зыцIыхуу щыта псоми нобэми цIыху куэдым фIыкIэ ягу къагъэкIыж. И Iуэхущ!афэ дахэхэмкIэ, и цIыхугъэ инымкIэ абы къылэжьащ лъэпкъ лъагъуныгъэр, мыкIуэдыжьын пщIэмрэ фэеплъымрэ.

ЕРЖЬБ Аслъэн,
педагогикэ щ!эныгъэхэм я кандидат.



Хьэгъэжей Иринэ

Щауэ Каринэ

● Щэкiуэгъуэм и 17-р Студентхэм я дунейпсо махуэщ

Гъащ!эм жыдэру хэтхэр

***Щэкiуэгъуэм и 17-р Студентхэм я дунейпсо махуэщ. Ар къыхэлъытхъукIам тхыдэ иIэщ. Чехословакием и къэралыгъуэм и махуэр абы и къалащхьэ Прагэ щагъэлъэпIэну 1939 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м уэрамым къыдыхьащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр. А зэманым къэралыр фашист зэрыпхъуакIуэхэм яIыгъ. Нэмыцэ сэлэтхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэр ягу зэрытемыхуэр къэзыгъэльагъуэ щIалэгъуалэр зэбграхуащ. А Iуэхугъуэм хэкIуэдащ студентхэм ящыхэз - Ян Оллетат. Я ныбжьгъум гъыса лейм игъэгубжьахэм Оллетат щыщIалъхьэ махуэм пэкIу ин зэхаублат. Къалэм и уэрамхэр яуфэбгъуат фашизмэм и бий, мамырыгъэм и телъхьэ цIыху минхэм. А Iуэхугъуэр, дауи, фашистхэм ягу ирихьакъым, икIи уэрамым къыдыхьэхэр къагъэувыIэну, зэбрахужьну яужь щихьэм, студент куэд уIэгъэ хъуащ, хэти лъэхъуэщым ирадзащ. ИужькIэ, щэкIуэгъуэм и 17-м, а къэралым еджапIэ нэхъыщхьэу щыIэр нацистхэм щIыщыкIащ, студент 1250-м щIигъу ягъэтIысащ, щIыхуибгъу яукIащ. Вузхэри зэхуащIауэ щытащ абы щыгъуэ икIи зауэр иуха нэужьщ ахэр къыщызэIуахыжар.*

Апхуэдэу гуузу иуха зэщIэхьееныгъэм и цIэкIэ 1942 гъэм Лондон щызэхуэсащ Студентхэм я ятIонэрэ конгрессыр икIи а зэхьыхьэшхуэм унафэу къыщащтащ щэкIуэгъуэм и 17-р Студентхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэу яIэтыну. Абы лъандэрэ, дэнэ щIыпIи студентхэм щрагъэкIуэкI дунейм мамырыгъэр щыхъуэмэн екъуалIа зэIущIэхэр.

Гъащ!эм сыт и лъэныкъуэкIи жыдэру хэтыну хущIэхъу, ар фIыуэ къызэхъулIэ щIалэгъуалэ дэри ди мащIэхъм икIи КъБКъУ-м и студент пажэхэм ящыщ зыбжанэ ди гуапэу фыдогъэщIыху.

Хьэгъэжей Иринэ

КъБКъУ-м инженернэ-техническэ факультетым и «Управление качеством» и кьудамэм и 4-нэ курсым щоджэ. Факультетым и студент зэгуэхьэныгъэм и Iэтащхьэщ. Университетым щекIуэкI жылагъуэ лэжьыгъэм жыдэжру хэтщ. Апхуэдэу «Студент гъащIэ», «Брэйнринг», «Адыгэ фащэм и махуэ», нэгъуэщI куэдми я къызэгъэпэщакIуэхэм езыгъэкIуэкIахэми ящыщщ. Иринэ КъБКъУ-м и «Къафэ» гупым и солистэкэщ, кулейсыхэм, зыльэмыкIхэм ядэIэпыкъуу къызэрагъэпэща «Добрая воля» волонтёр клубым хэтщ.

Щауэ Каринэ

КъБКъУ-м и Филологие институтым и адыгэбзэ кьудамэм и магистратурэм щоджэ. Ятэ курсым къыщыщIдзауэ щIэныгъэм дихьэх пщащэр университетым щекIуэкI студент конференцыхэм жыджэру хэтщ икIи сыт щыгъуи ятэ уеблIэр зыIэрегъэхьэ. Психологие и лъэныкъуэкIэ етIуанэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну и мурадщ.

Дер Стас

Налшык къалэ дэт 13-нэ гимназием 9-нэ классыр къыщиухри, КъБКъУ-м хьыхьэ Хьыбарегъащ!э технологиехэмкIэ колледжым щIэтIысхьащ. Ар 3-нэ курсым щIэсщ, программист Iэщ!агъэм хуоджэ. ФIыуэ зэрэджэм къыдэкIуэу, спортым дехьэх. ИлъэситIым нэсауэ атлетикэ хьэлъэмкIэ зыщ!ыхуегъасэ университетым, Ингушэрим и тренеру. Зыхэта зэпеуэхэм къыхэжаныкIащ, адэкIи и мурадщ и зэфIэкIхэр иригъэфIэкIуэну.

Къущхьэ Инал

КъБКъУ-м экономикэмрэ финансэхэмкIэ и институтым и «Прикладная Информатика в экономике» къудамэр фIы дыдэу кIиуихри, магистратурэм щIэтIысхьащ. Инал университетым и студент нэхъыфI дыдэхэм я щIэныгъэ зыбжанэ хамэ зэрэралхэми УФ-ми къыщыдэкI журналхэм къытредзащ. Конференц зэмылIэужьыгъэхэм щищIа докладхэм мыхьэнэшхуэ иIэу къалъытащ. Инал и екъулIэныгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ жылIэ хъунущ щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм ядэIэпыкъун мурадкIэ зэхаубла «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и стипендиер 2011 гъэм къызэрыхуагъэфэщар, «Мэшыкъуэ 2013» щIалэгъуалэ формым къыщыхилъхьа «Дэ дощIэж, дольыт» и проектыр зэрыщытекIуар, 2012 гъэм «КъБКъУ-м и студент нэхъыфI» цIэр къызэрыфIащар.

ЩIалэ губзыгъэр зэрыщ!ыкIура шахмат джэгури къэхъулIэ. Илъэс 14 и ныбжьу ар хэтащ шахмат джэгунымкIэ Тыркум щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм. Инал хамэ хъаралыбзэхэр зэгъэщIэнми хуабжу дехьэх. Абы нэмыцэбзэр кууэ едж. КъБР-м а бзэр нэхъыфIу зыщIэ ныбжьыщIэхэр къыщахутэ зэпеуэм щытекIуэри, Новгород щекIуэкIа олимпиадэми ди республикэм и цIэкIэ хэтащ.

Вындыжь Ислъам

КъБКъУ-м Информатикэмрэ управлениемкIэ и факультетыр мы гъэм къиухащ. Еджэныр фIы дыдэу къызэрехьулIэм нэмыщI, олимпиадэ зэмылIэужьыгъэхэм, Урысейпсо зэпеуэхэм текIуэныгъэхэр щызыIэригъэхьэу хэтащ. КъБР-м и Iэтащхьэм и цIэкIэ щыIэ стипендиер зрат гупым илъэс зыбжанэкIэ яхэтащ.

Ислъам жыдэру хэлэжьыхьащ «Мэшыкъуэ 2013» щIалэгъуалэ форумым, а гъэ дыдэм студентхэм я зэхьхьэу Санкт-Петербург щекIуэкIам текIуэныгъэ къыщыхьащ.

ЩОДЖЭН Iэминат.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дер Стас

Къущхьэ Инал



Вындыжь Ислъам

Етхуанэ къыдэкIыгъуэ

«Iуащхьэмахуэ» журналым мы гъэм и зи чэзу етхуанэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ.

АР КъыЗэIуЕХ «Прозэ» Iыхьэм хэту традза, Шинкуб Бэгърат итха «ЖьылакIэ» романым щыщ IыхьэкIэ. Хэкум ирахуу, хамэ къэралхэм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжа убыхэм ятеухуа а роман цIорыIуэр абхъаз литературэм и фIыпIэм щыщщ. Романыр адыгэбзэм къригъэтIэсащ Къэрмокуэ Хьэмид.

Лермонтов Михаил къызэралъхурэ илъэс 200 щрикъум ирихьэлIэу традзащ усакIуэм и Iэдакъэщ!экI нэхъыфIхэм ящыщ «Мцыри» поэмэр, Ацкъан Руслан адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ.

Илъэс 85-рэ ирикъуащ тхакIуэ Къэрмокуэ Мухьэмэд. Аращ зытеухуар журналым и лэжьакIуэ Хьэлупщы МуIэд тхакIуэм дригъэкIуэкIа интервьюр, «Нобэм егъэгугъэсыз, пщэдейм уегъэгугъэ» зыфIащар. КIэлъыкIуэу тетщ Къэрмокуэм итха «Ходжэм уигъэжейркъым» романым щыщ Iыхьэ.

Илъэс 80 ирикъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер. Критик, усакIуэ Къэжэр Хьэмид «Къэзмыгъуэту хъунукъым зэгуэр шэ къыгъэуВыIэфу псалъэ гуэр» зыфIаща тхыгъэм зыубгъауэ щыIэзэкърех усакIуэм и Iэдакъэщ!экIэр. КIэлъыкIуэу тетщ Тхьэгъэзитым и усэ гуп.

Балъкъэр усакIуэ Зумакуловэ Танзиля илъэс 80 ирикъуащ. Абы ирихьэлIэу журналым традзащ ди усакIуэшхуэхэм, щIэрыIуэхэм Танзиля хужаIам, хуатхам щыщ. Апхуэдэуи тетщ Зумакуловэм и усэхэр, адыгэбзэкIэ Бицу Анатолэ зэридзэкIауэ.

«Еджагъэшхуэ» тхыгъэм филологие щIэныгъэхэм я доктор БакIуу Хьаныджэрий щытопсэлъыхь зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа щIэныгъэлI, критик Гъут Iэдэм и Iуэхущ!афэхэм, абы ди щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм. Филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыжь Хьэмыщ!а итха «Iэдэм и дунейр» тхыгъэри зытеухуар Гъут Iэдэмщ. Ар топсэлъыхьэ Iэдэм зэрыпсэльэгъу гъэщIэгъуэным, гушIэрэйм, нэгъуэщIуи зэрыщымытыдыным.

АдэкIэ тетщ ешэ Гъутым и Iэдакъэщ!экIхэм ящыщ «Нэмысымрэ дунеймрэ» тхыгъэр.

«Адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу» псалъащхьэм щIэту традзащ Уэрыш Нурхьэлий и Iэдакъэщ!экI «Дахащэу си хэку» тхыгъэр.

Адыгэхэм я махуэрщ зытеухуар журналист Нэщ!ыпыджэ Замирэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъуроковэ Хьэутий зэрерупщIахэмрэ абыхэм ящыщ ятырэ жэуапхэмрэ.

Адыгэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу КъБР-м и ПIэнкъ музейм и пэщыIшхуэм къыщыззIуахащ «Дэ куэд щIауэ щэрджэскIэ кьыдоджэ» гъэльэгъуэныгъэр. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент Хьэфыщ!э Мухьэмэд а гъэльэгъуэныгъэм утыку къыщIрихьащ илъэс 50-м нэблагъэуэ зэхуихьэсхэм ящыщу экспонат 600. Аращ зытепсэлъыхьыщ Шыпш Даянэ и Iэдакъэщ!экI «Хьэфыщ!э Мухьэмэд адыгэ-хэр егъэльэпIэ» тхыгъэр.

Испанием и къалащхьэ Мадрид мы гъэм мэкъуаугъэм и 17-м къыщызэIуахащ гъэльэгъуэныгъэ. Абы утыку къыщыхьащ ди лъэпкъэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и

цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч и лэжьыгъэхэр. А гъэльэгъуэныгъэм, Бгъэжьнокъуэм и Iэдакъэщ!экIхэм ятеухуащ Хьэвжокъуэ Людмилэ игъэхъэзыра «Нэхугъэм и симфоние» тхыгъэр.

«Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ» Iыхьэм традза «Псалъэм и купщIэр» тхыгъэм щыгъуазэ фищIыжьащ языныкъуэ псалъэхэм я мыхьэнэм, кьежьэкIам.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

Зырэ Нолрэ

Бжыгъэ Зы и закъуэу псэурти, зэшырт. Гугъущ уи закъуэу уэгъуэ. Ар фIыуэ ищIэрт Зы. «Куэдщ си щхьэ закъуэ-си лъакъуитIу сызэрпсэуар. Сежьэнщи гъусэ схуэхъун гуэр хъзэгъуэтынщ», - жиIэри Зы гъуэгу теуваш.

Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, мэз лъапэ гуэрым нэсри, тIэкIу зиIэзэгъэжну жыг щIагъ щIэтIысхьа къуедийуэ, къызэдикIар имыщIэу, абы къыбгъэдыхьащ Ноль. Сэлам зэрах нэужь, Ноль щIоупщIэ:

- Гъэзгуанэ утет хуэдэщ. Дэнэ уздежьар, Зы?

- Уэлэхьи, закъуэныгъэр сужэгъури, гъусэ лъыхъуэ сыкъежьауэ арамэ.

- Сэ сыкъащтэ гъусэу, - жиIэ Ноль.

Зы абы йоплъри, мэдыкъэшх.

- ЗызыщIэж щыIамэ, зызылIэжи щыIэнт, щIыжаIэр уэ пхуэмыдэ гуэру пIэрэ, Ноль? Зэлпыжьит, сытым ущыщ мыгъуэ уэ? Угъуапэкъым, упщампIэкъым. Зи кур къраштхыкIа хьэлIамэу, унэщIщ. СыткIэ сэбэп укъыстхуэхъуфын уэ. ПлIыуэ е Тхуэ ущытамэ, абы щыгъуэ Iуэхур нэгъэущIт. Дахьеи - у-Нолщ, кьехъэхи - у-Нолщ. Уэ гъусэ ухъун сытми?

Зы и псалъэр иуха къудейт, Бгъу хъунщIакIуэр мэзым къыщIэкIыу Зым и пщэ псыгъуэр щиубыдам:

- Къащтэт мыдэ, Зы цIыкIу, уи гъуэмыли уи ахъши! «IыIы» къыхэбгъэкIмэ, уи ажалыр сIэщIэлъщ!

- Мэ, сIыгъыр уэот, сумыукI закъуэ, - жиIэ Зы, шынауэ. Ноль ар щыззхиухым, Зы нетIэ и жагъуэ хъащIа пэтми, фIэгъэныхь хъуауэ, жэри абы и ужь къиуващи жреIэ:

- ХущымышынэТ Бгъу, ар къыптекIуэнукъым - уэ иджы ПщIы ухъущ, сэ сыббГъэдэтщи!

Пэжуи, Ноль къызэрыбгъэдэуэвэу, Зы занщIэу зыхищIат нэхъ къарууфIэ зэрыхъуар. ЕIэри БгъУ и пщэ гурыгъыр хуэзрищыкI пэтащ. ИтIанэ ар ипхщ, и пIэм кърилъхьэри я унэм къигъэзэжащ, Ноли къызэрыгуэтым хуэдэу.

Къыхуэзэхэм ягъэщIагъуэрт ягъагъур икIи Зы къыжраIэрт, фIыщIэ кхыхуащIу:

- Тхьэм уигъэнсэу, ди къуэшышхуэ! Мы БгъУ хъунщIакIуэм дифэр ирихырт, псэупIэ къыдитыртэкъым. Иджы Iэрыуыбгд пщIащи, дытыншыжынщ.

- Сэракъым ар зи фIыщIэр, атIэ мис мы къызбгъурыт Нолщ. Мыр къыскъуэувэри, си лIыгъэми сикъаруми хигъэхъуащ. КIэщIу жыпIэмэ, мы Нолщ ПщIы сызыщIар.

Абы лъандэрэ Зырэ Нолрэ ПщIы хъуауэ, зэхуэпэжу зэдопсэу.

ХьэмаскIэм къыщыщIар

Хьэшхуэм гъусэ хуэхъуа хьэмаскIэ цIыкIур абы апхуэдизкIэ къыкъуэгушхуэкIырти, и хьэмаскIэгъуэхр хьымпIар ищIыжыртэкъым. «Фэ сытым фыщыщ, тхьэмыщкIэ гуп!» - жиIэрт. Уеблэмэ ар ахъзырт абыхэм хьэшхуэр яриуштыну. ЗарыжаIэмкIэ, апхуэдэ къыщыхъуи щыIэт.

Зэгъэрым хьэшхуэр машинэм иукIыу хьэмаскIэр и закъуэу къыщынэм, мурад ищIат и лъэпкъэгъуэхэм яхыхьэжыну, арщхьэкIэ модрейхэм ядакъым: «Дэ дощIэж хьэшхуэр щыпсэуам уэ къыдэпщIэу щытар. Екъу, зегьэхь адэ!»

Иджы хьэмаскIэр екIуэлIапIэншэ хъууэ хьэупейуэ узрамым дэтщ, ныбжьэгъуи жэрэгъуи имыIэжу, япэ къыIущIэр къыхуилъу.

Жыг закъуэ

Мыбдежыр зэгурым мэзу щытащ, ауэ паупщIурэ иджы къинэжар зы жыгей закъуэщ. Абы игу къокIыж жыы къыщепщэкIэ мэзым щIэта жыг къоМым ящIу щыта Iуэхльэуэ къыщIэкIар. Ар и щыхьэтт мэзым иIэ къаруушхуэм.

ЩIымахуэ щIыIэр къэсамэ, мо жыг къомыр, зыр адрейм зригъэщIу, зыщIигъакъуэу, зэрыгъэхуабэу щытащ. КъафIэIуэхуакъым сыт хуэдэ борэнри. Гъэмахуэ шылэми арат - я нэхъ хуабэри кърадзэртэкъым жыгхэм: я щIыIэтыIэр зэхалъхьэрти, текIуэрт къэлыдыным нэса дунейм.

Щытщ и закъуэу зеинщафэ къызытеуа жыгейр, щытщ нэщхъейуэ, куэд щIауэ имыIэж, и ныбжьэгъуу щыта жыгхэм яхуэзэщу, зэщIэдэIукIамэ, абыхэм я макъ лъэщыр и тхьэкIумэм къиIуэу. Сыт иджы ар зыхуэпсэужыр? И мыхьэнэжри сыт абы кIигъащIэм? Зым еджамэ, жэуап къэмыIужу, адрейм еджамэ, щыму, «пщIэрэ?» жиIэу зыгуэрым еупщIми, «сощIэж» жызыIэн имыIэжу. «АтIэ, ар гъащIэ сытми?!» Жыгыр хопльэ. ЩIымахуэ хъуамэ, и куда-мэхэр мэгъэ, гъэмахуэ хъуамэ, и пщIащ псомкIи мэпапщэ, хощэтыкI. Ехь закъэныгъэм - дунейм щынэхъ хьэпъэ дыдэ узыфэм.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Хъуэхъуэр

Лашынкъей къуажэм дэт курыт еджапIэ №91-м и унафэщI Дыщэкl Марие Сухьэмэдин и пхъур къыщалъхуа махуэщ, илъэс бжыгъэ дахэ егъэлъапIэри, дохъуэхъу

Марие, хуабагъуэ ди гум пхуилъыр
къытхуихатэм,
ЩIымахуэ шылэм гъатэжу зихъэжкынт.
IэфIагъуэу ди гум пхуилъыр
щIым хэлъатэм,
СыхьэткIэ удз гъэгъахэр къигъэкIынт.
Ди лъагъуныгъэр тхьэгъэнтIэ хъуатэм,
Гъатхэ защIэу гъащIэр дэ уэттынт.
Ди зэфIэкIыр кууэ щытыгъатэм,
Умыхъуу жьы уи гъащIэр уэдгъэхьынт.

ФIыуэ укъэзыIуагъу, пщIэ къыпхуэзыщI уи лжьэгъуэр.

Сочэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа фестиваль-зэпеуэм Нартан хъуажэм щыщ «Вагъуэ цIыкIу» ансамблыр зэрыщытекIуам хуабжу дыщыгуфIыкIащ.

Дрогушхуэ Гран-при сауГъатыр къэзыхьахэм, республикэм и щIыхьыр дунейпсо утыкум щызыIэтахэм ди хъыджэбз гъэфIэн Ныр Эвелинэ Руслан и пхъур зэрахэтым. Эвелинэ мыпхуэдэу дехъуэхъуну дыхуейщ: «Ди пщащэ щэныфIэ цIыкIу, уи зэфIэкIхэм адэкIи хэбгъахьуэу, уи мурадхэр къохъулIэу, уиузынщэу, узыхэтым фIыкIэ уакъыхэщ зэпыту упсэуну, насыпыфIэ дыдэ ухъуну Тхьэм жиIэ!»

Ныр лъэпкъымрэ уи анэш Зыхьэхэ я унагъуэмрэ.

● Тхьэмадэ кIэлъыплъ

Хуэ хьэлу

ШIэ гъэпщтам шыгъу, фошыгъу хадэри фIыуэ зэIащIэ, ху хьэжыгъэ ухуэнщIар абыкIэ ящ. ХупщIынэм и бахъэ пштырыр ягъакIуэ, джэдыкIэ цIынэ яудэри закъыгъэ, фIыуэ зэхагъэзэрыхьри гуэдз хьэжыгъэ щIапщэ, и щхьэр трапIэри IэфI къыщIагъэхьэну дакъикъэ 30 - 35-кIэ щагъэт (куэдыIуэрэ щытмэ, хупщIынэр дыдж мэхъури, абы хуэсакъыпхъэщ).

ИтIанэ Iэм сэхуран дагъэ щахуэ, хупщIынэм къыгуачурэ хъурей лъагэурэ яупIэпI грамми 100 и хьэлъагъыу. Ахэр дагъэ зыщыхуа тебэм зэбгъурымылъыщэу ираплъхьэ, градус 240 - 250-рэ зи пштырагъ хьэкулъэм ирагъэзвэри дакъикъи 10 - 15-кIэ ягъажьэ. Хьэкулъэм кърахыжри хьэлум и щхьэфэм, къэмычэн щхьэкIэ, шхурэ шатэрэ зэхэщIауэ щахуэ. Аргуэру ирагъэувэжри градус 230 - 240 и пштырагъыу дакъикъэ 15 - 20 хуэдизкIэ ягъажьэ.

Иныкъуэхэми хьэлу жьа пштырым фо щахуэ, хугу гъэлыгъуа трагъэпэщэж. Мэ дахэ иIэщ, и фэр тхъуэплъыщ. Хуабэуи щIыIэуи пшхы мэхъу. Дашх шатэ, шху, шэ.

Халъхьэхэр (зы цIыху Іыхьэ): ху хьэжыгъэу - г 200, шэуэ - г 120-рэ, фошыгъуу - г 5, джэдыкIэу - г 20, гуэдз хьэжыгъэу - г 20, тхъууэ - г 5, шхууэ - г 5, шатэу - г 5, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КIэртIоф пIастэ

КIэртIоф вам псы къыщIэнамэ щIагъэж, шыуаным зэрилъу пщтыр щIыкIэ яуб. Лыхьэжым щIэзыгъэкIи щыIэщ, ауэ абы щыгъуэ витамин С-р мэкIуэд. КIэртIоф пIастэр пщтыру яшх, шатэ Іув, къхуей, нащэ гъэфIэIуа - щхьэж фIэфIыр - дашх.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ): кIэртIоф укъэбзауэ - г 430-рэ, зэрагъэвэну псыуэ - г 250-рэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Пэжым нэр ирещI

◆Къанжэр и бзэ токIуадэ.
◆Къалэн зыщыщIыжыр къалэн пхуохъу.
◆Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ.
◆МэжэщIалIэм къэрабгъэри аIыхъужь ещI.
◆Мывэ дзыкIэ зымыщIэм и щхьэм къохуэж.
◆Ныбэм измэ, щIакъуэр цIынэщ.
◆Пэжым нэр ирещI.
◆Псы Іуфэм Іусым псы икIыпIэр ещIэ.

● Гушыlэ

Къысхуэгъэгъу, си шыдыжь

Хъуэжэ и шыдыжьымкIэ гъавэ къишэжьт. Джабэ гуэр зэрыкIэрыхьэу шыдыр къэувыIащ. Хъуэжэ шыдым щIэрыIэу, щIэкIиеу щIидзащ.

АрщхьэкIэ, жагъын ищтауэ шыдыр хуекъужьыртэкъым. ИужькIэ Хъуэжэ къэгубжьри, ар иубэрэжьу хуежьащ. Асыхьэтым къэкIуэ тетыр шууэ блэкIырти къыбгъэдэлъадэри, и жьэм хъыкъымыгъанэу, Хъуэжэ бааджэ къыжриIэу щIидзащ, шыдыр зэриубэрэжьым щхьэкIэ.

ИтIанэ Хъуэжэ зэуэ зызэридзэкIыжри, и шыдым и напэм Iэ дилъэурэ жриIащ:

- Къысхуэгъэгъу, си шыдыжь, дяпэкIэ сыноуэжькъым, къуажэ тетыр уэзрикъуэшыр сщIакъым!

Ар щызэхихым, къуажэ тетыр губжащ.

- А уи жьэм текIуэдэжьынщ уэ! - къыжриащ абы.

- Зи жьэм текIуэда мащIэ щIэлъ кхъэм, сэри абы сакъыхэжьыжькъым! - жиIэри Хъуэжэ екъэжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

● Псалъэ щэрыуэхэм къарыкIыр

Напэм и пэ псэр ихуэ

Мэкъу еуэм зегъаэзри, кхъуей зыхуэзыр тхьэмыщкIэщ. НэгъэущIым и Іузку гугъур тынш цIыкIуу, ауэ езым и Іузку тыншыр гугъуу къэзыIуатэ цIыхум ауанныщу хужаIэ.

Мэкъу хьэвэ мастэ хэкIуэдащ. «УпыкIащ - бгъуэтыжьынукъым» жыхуиIэщ.

Мал гуартэм и кIуэдыжьгъуэм бжэн къуийр пашэ яхуохъу. Пашэ мыхьэнэншэм къыдэкIуэр мыгъуагъэщ, насыпншагъэщ.

Мэл зыхэвэ нэхърэ бжэн зыхэпкIа. Бжэныр хущхъуэгъуэ куэдым я къэжьапIэу къызэралъытэм папщIэ ар ягъэльапIэу, фIыуэ ялъагъуу, лъытэныгъэшхуэ хуаIэу зэрыщытыр къэзыIуатэ псэлъафэщ.

Мывэ къыхэмыщыр пхъэIэщэм и бийщ. Зи гурыпхъэр сэтей къэзызмыщI цIыху зэкIуэцIылъым хуэрбэлэрыгъ зэрымыхъунур къыбгурызыгъаIуэ псэлъафэщ.

Мывэ хъурейкIэ къоуэм пIастэ хъурейкIэ еуэж. Іей къэзыщIэм епщIэн хуейр къыбжэзыIэ нэнджащщ.

Мывэ щыпъ и щIагъ псы щIэжьркъым. «Уи Іэр зэтедзауэ ущыскIэ Іэхур зэфIэкIынукъым - зыгуэр щIэн, лэжьын хуейщ» жыхуиIэщ. Жэрдэм щIэн хуейуэ щытыкIэм къыщигъэувым деж къапсэлъ хабзэщ.

Мыпъкур уэсэпсщ. «КъокIуэ-мэкIуэж» жыхуиIэщ. Нэхъыщхьэр зэрырымырар къыжыIапхъэу къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

МыпIэр лIы мэхъу. «ЦIыху хъуащ, хуэфащэ увыIэпIэ игъэтащ; балигъ хъуащ» гупсысэ иIэу къахь. ЦIыхум игъэта щытыкIэр гуапэ щыщыхъум деж къапсэлъ хабзэщ.

Мыщащхьэ плъагъуу мыщэ лъэужь умылъхъуэ. Нэхъыщхьэр щынаIэкIэ, щыплъагъукIэ нэгъэущI къыумыхуэкIыж.

Мыщэ лIэ щхьэкIэ дыгуужь гузавэрэ. НэгъэущIым телъ бэлыхьыр къизымыдзэ, къызыдIэмыкIыгъэу цIыхум теухуащ.

МыIэрысэ къыплъкIари къызылыкIа жыгым ещхьщ. Мыбдежьым къызылъхуам ещхьщ къилъхуари, жиIэу аращ.

Напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. Зыхуейр зыIэригъэхьэн щхьэкIэ зи напэм сытри къеэзыгъэзэгъ цIыхум теухуащ.

Напэм и пэ псэр ихуэ. Напэр псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

Насып зимыIэм и дзэр хъудырым ІущIекI. «Зы мыхьэнэншэ тIэкIуми и зэран къокI» жыхуиIэщ.

Нэдым и щхьэр умыIатэу, хъэ илърэ ху илърэ пщIэркъым. ЦIыхур умыгъэунэхуауэ зыхуэдэр пщIэнкъым.

Нэмысыншэр насыпыншэщ. Насыпыр къызыдэкIуэр нэмысырауэ зэрыщытыр къозыгъэщIэж псалъэжьщ: цIыхум гъащIэм щиIэну уиIэпIэри, унагъуэм, лэжьапIэм щигъуэтыну насыпри къыхуэзыхьыр езым и хьэл-щэнырщ, и дуней тетыкIэрщ, хэлъ нэмысыщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** ЦIыху гъум кIэщI. **7.** Зыщыщынэн имылъагъумэ, кхъуэр ... докI. **9.** Шхынхдзэ. **10.** Ди къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм яцыщщ. **11.** ЩIы тещтыкIа. **12.** Уэ хьэрычэт щIэн, сэ ... ныхэслъхьэнщ. **14.** НэщI мазэм тхьэмыщIкIэхэм ират Іыхьэ. **15.** Шыр зэрагъэIэсэ кIапсэшхуэ. **16.** Джэдум сабий нэхъ цIыкIуэр зэреджэ псалъэхэм ящы зы. **18.** Гуащэр мэтхъэусыхэ: «Си нысэм къищэхуауэ ... кIуэрыгъуитI игъащIэм слъэгъуакъым». **20.** ЩIэтэхъуэн. **21.** Фадэжкl. **22.** Шыгур зэщIищIэри лIыжьыр мэзым ... кIуащ. **26.** ... цIыкIу бжьахъуэшхуэ. **27.** Гъэвэр къаймыхъулIауэ жьлэм ерыскъыр къащемэщIэкI зэман. **28.** Лъэпщ и Іэщ Іагъэр. **31.** Щэхуакlуэр сатуущым йоупщI: «Уи мыIэрысэм ... жьлпIэр?» **32.** ПIалъэ-пIалъэкIэрэ къыкъуэу жьы щIыIэ. **33.** Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз тхакIуэ. **34.** Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **36.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **39.** ... щIэхами ди псэукIэр зэтеувэжынщ. **41.** Ди гъунэгъу лIым и къуищми ... ищхьэ зрагъэгъэтащ. **42.** ЦIыхухъуми цIыхубзми я щыгъын.

Къехьу: **1.** ТхъуцIынэ щIэпхумэ ар къонэ. **2.** Мывэ блын задэ. **3.** ИрагъэпIыну нэгъэущI унагъуэм ирата щIалэ цIыкIу. **4.** И унэр ... къибгъащ. **5.** Фейцейуэ хуэпа цIыху. **6.** Іэпсплъэпс. **8.** Сталиным иужькIэ къэзрал унафэщIу щытащ: правительствэм и Іэтащхьэу, КПСС-м и ЦК-м и секретару. **12.** ПхъащIэ Іэмэпсымэ. **13.** А унэцIэр зэрахьэ: ди республикэм и профсоюз зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэу щытам; Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщ бэзщIэныгъэлI-еджагъэшхуэм; дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм жэз медаль бэщыщэхьэуэ щыта адыгэ бэнакIуэм. **17.** Пщым ... ищIри, жьлэр зэхуэригъэшэсащ. **18.** Іэпсплъэпсым щыщ. **19.** Хьэку натIэм хэщIыхьа тегъэуваплъэ. **20.** Анэр и кIуэ цIыкIум йошхьэ: «А угъурсызыр щхьэ ... пщIа?» **23.** Адыгэ хьыбарыжьхэр, зэрэдыжьхэр, псалъэжьхэр, Іуэрыуэтэр зэхуэзэныхьэсыжа, уэрэдыжь дахэу зыгъэзащIэ адыгэлI щэджащэ. **24.** Мывэ абрагъуэ. **25.** ЦIхьэмыж къэзыщI гъавэжэм зэреджэр. **29.** ИгъэзащIэн хуейуэ ЦIыхум и пщэ дилъэжьа къалэн. **30.** Дзыгъуэм и бий кIэуфбыщI. **35.** «... бэлтокур, уей, жи, уей, Іэгум йокIуадэр...» **37.** Пщэ гъум. **38.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар къудрэ уэмэ, и дамрэм мэкъутэ. **40.** ... щытхъуи, щIэр къащтэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

ЩэкIуэгъэуэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 6. Аргъуей. **7.** Аргъей. **9.** Еру. **11.** Хейм. **15.** Псэм. **16.** КIапсэ. **17.** Нарт. **18.** Удын. **19.** Уэтэр. **21.** Пажэ. **23.** Хъудыр. **27.** Удж. **28.** Дзэл. **29.** Сом. **30.** Дэ. **34.** Сурэ. **37.** Акъыл. **38.** Сабыр. **39.** Дэлъху. **41.** Деур. **42.** ПщIащэ. **44.** Уадэ. **46.** Пагэ. **49.** Пубж. **51.** Пщащэ. **52.** Пшагъуэ.

Къехьу: **1.** Хъурей. **2.** Без. **3.** Хъэрып. **4.** Къурш. **5.** Дерс. **8.** Ухэныпэ. **10.** Емынысэр. **12.** Мет. **13.** ПкIаиэ. **14.** Къуэгъурэ. **15.** Пэу. **20.** Таж. **22.** Жьджэр. **24.** Дудакъ. **25.** Гудзэ. **26.** Кумб. **31.** Псыдыуэ. **32.** Къэб. **33.** Елыркъэш. **35.** Псапэ. **36.** Арджэн. **40.** Хукхъуэ. **41.** Дэп. **43.** Акъбащ. **45.** Дыщэ. **47.** Абгъуэ. **48.** Пщы. **50.** Хъушэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьакIэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхъ секретарь)*, **Истэман Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапl хэм ядолжэныныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэжьIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапl эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэж тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ихэу жуаи ахь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапl эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыгъдзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жуап зыхъ секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Іугъуэт Заремэ, корректору Щоджэн Заирэ,** *корректорхэм я дзIыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ,** *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ищIащ* **Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытридзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.648 ● Заказ №2208